



PIDATO ISRA MIRAJ 2024 BAHASA SUNDA ✓✓

Posted on 23/01/2025 by Ade Munaa



Categories: [Bahasa Sunda](#), [Ceramah](#), [Kultum](#), [Rajab](#)

Tags: [ceramah rajab](#), [isra miraj](#), [pidato rajab](#)



Bismillaahirrahamaanirrahiim..

Assalamualaikum Warrahmatulohi Wabaraakattuh

Alhamdulilahirobilalamin...

Assolatuasala asrofil ambiahi warmunsalin walla alihi wasobihi azmain, Amma badhu.

Langkung ti payun hayu urang sami-sami panjatkeun puji sinareng syukur kahadirat Allah SWT, anu paramtos masihan kanikmatan-kanikmatana nana dugi urang tiasa kumpul dina acara isra miraj ieu, dina kaayaan sehal walafiat. Amin.

Sholawat sinareng salam mugi kacurah limpahkeun ka junjuran urang Nabi Muhammad SAW, ka kulawargina, ka sohabatna teu ka kantun urang sadaya salaku umatna dugi ka akhir jaman. Amin.

Bapa kepala sekolah nu kusimkuring dipihormat, bapa ibu guru sareng Staf TU anu ku simkuring dipihormat, teu hilap oge ka rancangan nu kusimkuring dipika deudeuh. Dina acara Isro Mir a'j ieu simkuring bade medarkeun ngeunaan "Kautamaan Sholat 5 waktos".

Hadirin nu ku simkuring dipihormat..

Waktos harita Nabi Muhammad SAW diparentah ku Allah kanggo ngayakeun lumampah ti Masjidil Haram ka Masjidil Aqso di Palestina. Salajeungna Nabi Muhammad naek ka Sidratul Muntaha, Kajantenan eta marngrupi kajanteunna fenomenal.

Tina kajanteunna eta Nabi Muhammad dipiwarang ku Allah ibadah wajib nyaeta Sholat 5 waktos. Parentah eta parantos dilaksanakeun ti kapungkur dugi ka ayeuna. Ibadah sholat eta teh ngagaduhan kaistimewaan mandiri, benten sareng ibadah nu sanesna.

Saha wae anu Saha wae anu ngalaksanakeun ibadah sholat, ngalaksanakeun ibadah sholat, sami sareng sami sareng anu ngadegkeun agama, anu ngadegkeun agama, Sholat kedah di laksanakeun ku sadaya umat muslim, anu teu ngalaksanakeunna hukumna dosa, kumargi sholat teh ibadah wajib.

Ngantunkeun sholat nu 5 watos atanapi atanapi kumargi kumargi hoream anu kateterasan kateterasan nyaeta ngajanteunkeun jalmi anu kafir, nganggo ngajagi sifat hoream urang kedah ikhlas sareng khusus, supados teu ngaraos abot ngalaksanakeun nana.

Hadirin anu ku simkuring di pihormat..

Sholat anu 5 waktos teh, nyaeta subuh, dzuhur, ashar, magrib, isya. Salah sawios kautamian sholat nu 5 waktos nyaeta ngajaga sholat subuh sareng ashar, ngajanteunkeun mukana panto surga sareng nutupna panto naraka.

Sholat ashar marupikeun sholat wustha, sakumaha dikhususkeun nyebatkeunnana dibanding sholat nu sanesna. Upami sholat subuh didongkapan sareng di saksian ku para malaikat.

Janten sholat teh tiasa ngahapus dosa sareng kalepatan. Mungguhing kitu urang sadaya salaku

umat muslim umatna Nabi Muhammad SAW kedah ngalaksanakeun sholat 5 waktos.

Hadirin anu kusimkuring di pihormat..

Rupina sakitu wae anu tiasa dipedar ku simkuring, hapunten anu ka suhun bilih aya basa anu teu merenah kana manah. Bobot sapanon carang sapakan, Nuhun dihamputen bilih aya kalepatan.

Wabillahitaufiqwalhidayah, Wassalmu`alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

sumber: sumsel.tribunnews.com

There are no comments yet.